



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO PWOGRAM BOUS POU ONORE LAVI
SCOTT MARTELLA**

***Nouvo Pwogram Bous Sèvis Piblik Ki Kreye An Memwa Ansyen Asistan Gouvènè
Cuomo an***

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a kreyasyon “Scott Martella Fellowship”. Martella, ki te ansyen asistan Gouvènè an epi reprezantan rejyonal Konte Suffolk, te mouri nan dat 21 Dawout nan yon aksidan machin sou Long Island Expressway lan.

“Scott te kwè nan potansyèl gouvènman an pou amelyore lavi, epi li te travay de jou an jou nan pouswit prensip sa,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen kwè ke Long Island vin yon pi bon kote jodi a gras a devouman san relach Scott lan, epi ak bous sa, nou pral ede asire ke eritaj li an ak sèvis piblik pral kontinye epi dire pou ane k’ap vini yo.”

Bous Sèvis Piblik Scott Martella

Yo pral desène Bous Sèvis Piblik Scott Martella chak de (2) lane bay yon etidyan, ki menm jan ak Martella, li angaje nan sèvis piblik, epi gen yon pasyon nan ede lòt moun. Bousye an pral sèvi pandan de lane nan Depatman Travay la (Department of Labor), kote Martella te sèvi pandan plis pase yon lane, epi li pral konsantre sou sansibilizasyon kominotè, ki similè ak travay ke li te defann pandan karyè li. Yo pral atribiye Bousye a yon mantò nan Depatman Travay la.

Yo pral chwazi Bousye a nan klass Bous Sèvis Excelsior 2017-19 la, epi li pral demontre yon angajman nan ede lòt moun ak yon rejis sèvis piblik. Yo pral ekzije Bousye ki nonmen yo pou yo soumèt yon deklarasyon pèsonèl adisyonèl ki dekri angajman yo nan sansibilizasyon kominotè ak anvè yo pou bay ekzanp eritaj Scott Martella nan sèvi lòt moun. Bousye Martella ke yo chwazi an pral mete ajou fanmi Martella peryodikman menm jan ak travay epi eksperyans li nan pwogram Bous Excelsior a (Excelsior Fellowship program).

Enfòmasyon sou Scott Martella

Martella, 29 an, te resevwa Lisans li nan Biznis Entènasyonèl nan Inivèsite Boston (Boston University) nan lane 2008. Pandan etid li yo, li te pase yon semès nan Washington, D.C., kote li te devlope lanmou li pou sèvis piblik ak gouvènman an. Apre li te fin gradye, li te retounen Long Island pou l’al travay nan kanpay senatè eta lokal la, epi yo te vote li nan Komite Edikasyon Smithtown lan a laj 22 an.

Martella te kòmanse travay ak Biwo Gouvènè a an 2011. Soti 2011-2015, li te sèvi antan ke Repezantan Konte Suffolk Gouvènè an nan Depatman Leta Eta New York (New York State Department of State) anvan ke yo te ba li pwomosyon pou vin Repezantan Rejyonal Long Island pou Depatman Travay Eta New York lan (New York State Department of Labor).

Pandan li t'ap travay pou administrasyon sa, Martella te konstwi epi mentni relasyon solid ak lidè yo nan kominote an, epi li te fè enpak sou lavi dè milye moun atravè Long Island ak Eta New York. Li te sèvi pi resamman antan ke Direktè Kominikasyon Steve Bellone ki se Chèf Ekzekitif Konte Suffolk.

Enfòmasyon sou Bous Excelsior an

Pwogram Bous Sèvis Excelsior an te kreye pa Gouvènè Cuomo an 2013. Bousye yo ap travay nan ajans yo atravè Branch Ekzekitif lan, nan fè avanse aspè operasyonèl yo nan inisyativ politik majè Gouvènè an yo. Bousye yo ap sèvi pandan de lane, men sila yo ki gen anpil kalifikasyon ak devouman yo te kontinye travay ak ajans respektif yo an oswa yo te ale nan nouvèl pòs nan gouvènman eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418